حرمين

رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

Wolof | ولوف | كَيْفِيَّةُ صَلاَةِ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ

# Melow jullig Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc

Sëriñ bu baax ba.
Abdul Asiis ibn Abdallah ibn Baas

كَيْفِيَّةُ صَلَاةِ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ

# Melow jullig Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc

لِفَضِيلَةِ الشَّيْخِ العَلَّامَةِ
عَبْدِ العَزِيزِ بْنِ عَبْدِ اللَّهِ بْنِ بَازٍ
غَفَرَ اللَّهُ لَهُ وَلِوَالِدَيْهِ وَلِلْمُسْلِمِينَ

Sëriñ  bu baax ba.
Abdul Asiis ibn Abdallah ibn Baas

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

# Melow jullig Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc

Ci turu Yàlla miy Aji-Yërëm képp ku nekk ci kaw suuf jagleel ko jullit ñi ca allaaxira ci laay tàmbalee.

Cant ñeel na Yàlla rekk, xéewal ak mucc yal na nekk ci sunu Yonnente Muhammat, moom ak ay ñoñam ak i àndandoom, ginnaw loolu:

Lii ay Kàddu yu gàtt la ci leeral melow jullig Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, ma bëgg leen a jottali bépp jullit bu góor ak bu jigéen, ngir képp ku ci jot mu góor-góorlu ci roy ko ci loolu; ngir kàddoom gi, yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc:

(صَلُّوا كَمَا رَأَيْتُمُونِي أُصَلِّي).

(julleeleen kem ni ngeen may gise may jullee)[1]. Jàngkate bi, jàppal faramfàcce gi:

1- Day jotal njàppu mi, mooy mu jàppu ni ko Yàlla santaanee, ngir jëfe kàddoom moom mu sell te kawe:

﴿يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِذَا قُمْتُمْ إِلَى ٱلصَّلَوٰةِ فَٱغْسِلُواْ وُجُوهَكُمْ وَأَيْدِيَكُمْ إِلَى ٱلْمَرَافِقِ وَٱمْسَحُواْ بِرُءُوسِكُمْ وَأَرْجُلَكُمْ إِلَى ٱلْكَعْبَيْنِ...﴾.

﴿Yéen ñi gëm, bu ngeen jugee jëm ca julli ga nangeen raxas seen xar kanam ak seen i yoxo ba ci conc yi, te masaa seen bopp, daal di raxas seen i tànk

[1] Al-Buxaarii moo ko soloo, ci limatu (605).

ba ca dojor ya...﴾. [Al-Maa-ida: 6]. Aaya bi.

Ak waxi Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-:

(لَا تُقْبَلُ صَلَاةٌ بِغَيْرِ طُهُورٍ).

(deesul nangu julli ci lu dul laab)[1].

Ak waxam ji -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-ñeel ki ñaawaloon julleem:

(إِذَا قُمْتَ إِلَى الصَّلَاةِ، فَأَسْبِغِ الْوُضُوءَ).

«Boo jugee jëm ci julli gi nanga jotal njàppu mi»[2].

2- Mu jublu xibla, te mooy Kaaba gi, fu mu man a nekk ci mbooleem yaramam, di yéene ci xolam julli gi mu namm a def muy farata walla naafila, te du wax yéene ji ci làmmiñam; ndax wax ko ci làmmiñ yoonaleesu ko, moom kay bidaa la, ngir ne Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- waxul woon yéene ji, mbaa sahaabaam ya -yal na leen Yàlla gërëm-. Te mu wut saatir su mu jublu bu dee imaam la walla muy ku beru, jublu xibla nag sàrt la ci julli lu dul ci ay masala yu yu ñu xam yu ñu ci settee di yu ñu leeral ci téerey boroom xam-xam yi.

3- Mu kàbbar kàbbaru armal, daal di wax: Allaahu akbar, muy xool bëtam ci bérabu sujjóotam.

4- Buy kàbbar, mu yëkkëti ñaari loxoom ba mu tolloo ak i waggam walla ñaari noppam.

5- Mu teg loxoom bu ndayjoor ci kaw ténqu loxoom

[1] Muslim soloo na ko, ci limatu: (224).
[2] Al-Buxaarii soloo na ko, ci limatu (5782).

bu càmmooñ, ak poññe bi, ak temb bi, ci kaw dënnam; ndaxte loolu sax na ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc.

6- Sunnaal nañu mu jàng ñaanug ubbée gi, te mooy:

(اللَّهُمَّ بَاعِدْ بَيْنِي وَبَيْنَ خَطَايَايَ، كَمَا بَاعَدْتَ بَيْنَ المَشْرِقِ وَالمَغْرِبِ، اللَّهُمَّ نَقِّنِي مِنَ الخَطَايَا كَمَا يُنَقَّى الثَّوْبُ الأَبْيَضُ مِنَ الدَّنَسِ، اللَّهُمَّ اغْسِلْ خَطَايَايَ بالمَاءِ والثَّلْجِ والبَرَدِ).

( Allaahumma baayid baynii wa bayna xataayaaya, kamaa baahadta baynal masriqi wal maxribi, Allaahumma naqiniiin xataayaaya kamaa yunaqaa assawbul abyadu minad danasi, Allaahu ixsil xataayaaya bil maa-i wassalji walbaradi)[1].

Te su ko neexee mu wax ci bérabu loolu:

(سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ وبِحَمْدِكَ، وَتَبَارَكَ اسْمُكَ، وَتَعَالَى جَدُّكَ، ولَا إِلَهَ غَيْرُكَ).

(Subhaananakal Laahumma wa bi hamdika, wa tabaaraka ismuka, wa tahaalaa jadduka, wa laa ilaaha xayruka)[2], Su indee leneen lu dul yooyu ci ñaani ubbee yi sax jóge ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- baax na, waaye li gën mooy leeg-leeg mu def bii, leeg-leeg mu def bee; ndax loolu moo gën a mat ci topp gi. Topp mu wax: «Ahuusu billaahi minash-Shaytaanir-rajiim, Bismil Laahir Rahmaanir Rahiim», daal di jàng saaru Faatiha, ngir waxam ji:

---

[1] Al-Buxaarii moo ko soloo, ci limatu (744), ak Muslim, ci limatu (598).

[2] Muslim soloo na ko, ci limatu: (399).

(لَا صَلَاةَ لِمَنْ لَمْ يَقْرَأْ بِفَاتِحَةِ الكِتَابِ).

(ku jàngul faatiha amul julli)[1]. Mu wax ginnaaw loolu: Aamiin, mu wax ko ci baat bu kawe ci jullig béral yi, te mu yelu ko ci jullig yelu, topp mu jàng li ko jàppandi ci Alxuraan, li gën nag mooy mu jàng ginnaaw Faatiha ci Tisbaar ak Tàkkusaan ak Gee ci saar yu diggdoomu yi ci Mufassal, ci jullig Fajar mu jàng ci yu gudd ya, ci jullig Timis yenn saa mu jàng ci yu gudd yi, yenn saa mu jàng ci yu gàtt yi, ngir jëfe hadiis yi ci ñëw loolu.

7- Mu rukoo te kàbbar, te yëkkëti ay yoxoom ba mu yemoo ak i waggam walla ay noppam, mu def poppam mu tolloo ak ndiggam, mu teg ay yoxoom ci ay wóomam te xàjjale ay baaraamam. Mu dal ci rukoo bi, mu wax: subhaana Rabbiyal Asiim. Li gën mooy mu baamtu ko ñatti yoon walla lu ko ëpp, te sopp nañu mu wax ak loolu:

(سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ وَبِحَمْدِكَ، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي).

(Subhaanakal Laahumma wa bi hamdika, Allaahumma ixfir lii)[2]

8- Mu yëkkëti boppam jóge ci rukoo bi, mu yëkkëti ay yoxoom ba mu yemoo ak i waggam walla ay noppam, mu wax: (Samiha Al-Laahu liman hamidahu) bu dee imaam la walla kiy julli moom dong, bu

---

[1] Al-Buxaarii soloo na ko ci limatu (756).

[2] Al-Buxaarii moo ko soloo, ci limatu (817), ak Muslim, ci limatu (484).

taxawee day wax:

(رَبَّنَا وَلَكَ الحَمْدُ حَمْدًا كَثِيرًا طَيِّبًا مُبَارَكًا فِيهِ مِلْءَ السَّمَواتِ وَمِلْءَ الأَرضِ، وَمِلْءَ مَا شِئتَ مِن شَيءٍ بَعدُ).

(Rabbanaa walakal hamdu hamdan kasiiran tayyiban mubaarakan fiihi mil-as samaawaati wa mil-al ardi, wa mil-a maa siita min say-in bahdu)[1].

Bu dee maamum la nag, day wax buy yëkkëti boppam: Rabbanaa wa lakal hamdu ba mu jeex kem ni mu jàlle, te bu kenn ku nekk ci ñoom yokkee - maanaam imaam bi, ak maamum bi, ak kiy julli moom dong-

(أَهْلَ الثَّنَاءِ وَالْمَجْدِ، أَحَقُّ مَا قَالَ العَبْدُ، وَكُلُّنَا لَكَ عَبْدٌ: اللَّهُمَّ لَا مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ، وَلَا مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ، وَلَا يَنْفَعُ ذَا الجَدِّ مِنْكَ الجَدُّ).

( ahlas sanaa-i wal majdi, ahaqu maa xaalal habdu, wa kullunaa laka habdun: Allaahumma laa maaniha limaa ahtayta, wa laa muhtiya limaa manahta, wa laa yanfahu saljaddi minkal jaddu)[2]. Rafet na ngir ni mu wére jóge ci moom.

Sopp nañu ku nekk ci ñoom - maanaam Imaam bi, maamum bi ak kiy julli moom kenn - mu teg ñaari loxoom ci kaw dënnam, na mu ko defe woon ci taxawaayam bi njëkk muy rukoo, ndaxte luy tegtale loolu wér jóge ci Yonnente bi, yal na ko Yàlla dolli

---

[1] Al-Buxaarii moo ko soloo, ci limatu (711), ak Muslim, ci limatu (598).

[2] Muslim soloo na ko, ci limatu: (477).

xéewal ak mucc, ci hadiisub Waa-il ibn Hujr ak Sahl ibn Sahd, yal na leen Yàlla gërëm ñoom ñaar.

9- Mu sujóot te kàbbar, mu teg ay wóomam balaa ay yoxoom sb ko yombee, waaye bu ko jafee mu njëkke ay yoxoom balaa ay wóomam, mu jubale baaraami tànkam ak yu yoxoom xibla, mu boole ay baaraami yoxoom te tàllal leen, te mu sujóot ci juróom-ñaari céram: jë bi ak bakkan bi, ak yaari yoxo yi, ak yaari wóom yi, ak biir baaraami tànk yi, mu wax: "subhaana Rabbiyal Ahlaa", liy sunna mooy mu wax loolu ñatti yoon walla lu ko ëpp, te sopp nañu mu wax ak loolu:

(سُبْحانَكَ اللَّهُمَّ رَبَّنا وَبِحَمْدِكَ، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي).

(Subhaanakal Laahumma Rabbanaa wa bi hamdika, Allaahumma ixfir lii), mu baril ñaan, ngir waxi Yonnente bi - yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-:

(أَمَّا الرُّكُوعُ، فَعَظِّمُوا فِيهِ الرَّبَّ، وَأَمَّا السُّجُودُ، فَاجْتَهِدُوا فِي الدُّعَاءِ، فَقَمِنٌ أَنْ يُسْتَجَابَ لَكُمْ).

(Bu dee ci rukoo bi, nangeen ci màggal Yàlla, bu dee ci sujóot bi, nangeen góor-góorlu ci ñaan, kon dana yell ñu nangul leen) [1].

mu ñaan Boroomam yiwu àdduna ak àllaxira, Moo xam julli gi farata la muy naafila, mi soreele ay përëgam ak ay wetam, biiram ak ay poojam, ay poojam

[1] Muslim soloo na ko, ci limatu: (479).

ak ay yeelaam, mu yëkkëti ay loxoom ci suuf si, ndax waxi Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-:

(اعْتَدِلُوا فِي السُّجُودِ، وَلَا يَبْسُطْ أَحَدُكُمْ ذِرَاعَيْهِ انْبِسَاطَ الْكَلْبِ).

(Nangeen yemoo ci sujjóot bi, te bu kenn ci yéen tàllal ñaari loxoom niki tàllaliinu xaj)[1].

10- Mu yëkkëti boppam di aji-kàbbar, mu toog ci kaw tànku càmmooñam, mu sàmp tànku ndayjooram, mu teg ay yoxoom ci kaw ay poojam ak ay wóomam, mu wax:

(رَبِّ اغْفِرْ لِي وَارْحَمْنِي وَاهْدِنِي وَارْزُقْنِي وَعَافِنِي وَاجْبُرْنِي).

(Rabbi ixfir lii warhamnii wahdinii warsuqnii wa haafinii wajburnii)[2]. Te mu dal ci toogaay bii.

11- mu sujóot sujjóotu ñaareel bi, daal di kàbbar, mu def ca kem ni mu defoon ci sujjóot bu njëkk bi.

12- Mu yëkkëti boppam di aji-kàbbar, daal di toog toog gu gàtt ni ki toog gi nekk ci diggante ñaari sujjóot yi, ñu koy woowe toogug noppalu, te luñu sopp la. Bu ko bàyyee dara nekku ci, tudd Yàlla amu ca walla ñaan. Topp mu jug taxaw jëm ci ràkka bu ñaareel bi mu sukkandiku ci ñaari woomam bu ko yombee, waaye bu ko jafee mu sukkandiku ci suuf si. Topp mu jàng Faatiha ak la ko yomb ci Alxuraan ginnaaw Faatiha,

---

[1] Al-Buxaarii moo ko soloo, ci limatu (788), ak Muslim, ci limatu (493).

[2] At-Tirmisii soloo na ko, ci limatu (284), ak Abuu Daawuda, ci limatu (850), ak Ibnu Maaja, ci limatu (898).

topp mu def kem na mu defoon ca ràkka bu njëkk ba.

13- bu julli gi amee ñaari ràkka, niki jullig fajar, àjjuma ak feet yi, kon day toog ginnaaw sujjóot bu ñaareel bi, mu samp tànku ndayjooram, lal tànku càmmooñam te toog ci kawam. Mu teg loxo ndayjooram ci kaw pooju ndayjooram, ŋëb baaraamam yépp ba mu des baaraamu sànnikaay bi, mu di ci junj Tawhiid. Bu ŋëbee baaraam bu ndaw bi ak bi ci tege ci loxo ndayjooram, lënkale baaraamu déyam bi ak bu digg bi ba mu mel ni lu wërngal, muy junj ci baaraamu sànnikaay bi, loolu baax na; ndaxte li ñaari melokaan yi sax ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc. Li gën nag leeg-leeg mu def bii leeg-leeg mu def bee. Mu teg loxo càmmooñam ci kaw pooju càmmooñam ak wóomam, topp mu jàng taaya bi ci toogaay bii, mooy:

(التَّحِيَّاتُ للهِ وَالصَّلَوَاتُ وَالطَّيِّبَاتُ، السَّلَامُ عَلَيْكَ أَيُّهَا النَّبِيُّ وَرَحْمَةُ اللهِ وَبَرَكَاتُهُ، السَّلَامُ عَلَيْنَا وَعَلَى عِبَادِ اللهِ الصَّالِحِينَ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ ورَسولُهُ).

(Attahiyyaatu lil Laahi, was salawaatu, wat tayyibaatu, assalaamu halayka ayyuhan Nabiyyu wa rahmatul Laahi wa barakaatuhu, assalaamu halaynaa wa halaa hibaadil Laahi assaalihiina, ashadu an laa-i-Laaha illal Laahu, wa ashadu anna Muhammadan habduhu wa rasuuluhu), Topp mu wax:

(اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ؛

إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ، وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ؛ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ).

(Allaahumma salli halaa Muhammadin wa halaa aali Muhammadin, kamaa sallayta halaa Ibraahiima wa halaa aali Ibraahiima, innaka hamiidun majiidun, wa baarik halaa Muhammadin wa halaa aali Muhammadin, kamaa baarakta halaa Ibraahiima wa halaa aali Ibraahiima innaka hamiidun majiidun)[1].

Mu muslu ci Yàlla ci ñenti mbir, daal di wax:

(اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِن عَذَابِ جَهَنَّمَ، وَمِنْ عَذَابِ القَبْرِ، وَمِنْ فِتْنَةِ المَحْيَا وَالْمَمَاتِ، وَمِنْ شَرِّ فِتْنَةِ المَسِيحِ الدَّجَّالِ).

( Allaahumma innii ahuusu bika min hasaabi jahannama, wa min hasaabil xabri, wa min fitnatil mahyaa wal mamaati wa min fitnatil Massihi Al-Dajjaali)[2].

Topp mu ñaan lu ko soob ci yiwi àdduna ak yu allaaxira, te bu ñaanalee ay way-juram walla ñu dul ñoom ci jullit ñi dara nekku ci -ak lu julli gi man a doon, farata mbaa naafila-; ndax mataleg waxu Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ci hadiisub Ibnu Mashuud -yal na ko Yàlla gërëm- ba mu ko jàngalee taaya:

[1] Al-Buxaarii moo ko soloo, ci limatu (797), ak Muslim, ci limatu (402).

[2] Al-Buxaarii moo ko soloo, ci limatu (1311), ak Muslim, ci limatu (588).

(ثُمَّ لِيَتَخَيَّرْ مِنَ الدُّعَاءِ بَعْدُ أَعْجَبَهُ إِلَيْهِ فَيَدْعُو).

(topp mu tànn ci ñaan lu mu bëgg, mu ñaan ko).[1] Ñëw na ci beneen waxiin:

(ثُمَّ لِيَخْتَرْ مِنَ الْمَسْأَلَةِ مَا شَاءَ).

(topp mu daal di tànn ci laaj gi lu ko soob)[2].

Lii nag day làmboo mbooleem luy jariñ jaam bi ci àdduna ak allaaxira. Topp mu sëlmël ci ndayjooram ak càmmooñam, daal di wax: Assalaamu alaykum wa rahmatul Laah, Assalaamu alaykum wa rahmatul Laah.

14- Bu julli gi nekkee jullig ñatti ràkka niki timis, walla jullig ñenti ràkka niki tisbaar ak tàkkusaan ak gee, mu jàng taaya bi ñu tuddoon leegi te boole ci julli ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, topp mu jug taxaw te sukkandiku ci ay woomam, yëkkëti ay loxoom ba mu tolloo ak ay mbaggam walla ay noppam, mu wax: "Allaahu akbar", mu teg leen -maanaam ay loxoom- ci dënnam niki ni mu jàllee woon, daal di jàng faatiha rekk. Bu jàngee ci ñatteelu ràkka bi ak ñenteel bi ci tisbaar lu dolleeku ci faatiha yenn saa yi kon it dara nekku ci; ndax luy tegtale loolu sax na jóge ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ci hadiisu Abu Sahiid -yal na ko Yàlla gërëm-. Bu bàyyee julli gi ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ginnaaw taaya bu njëkk bi kon it aayul; ndaxte lees sopp la te du lu war ci taaya

---

[1] An-Nisaa-iyyu moo ko soloo, ci limatu (1298).

[2] Muslim soloo na ko, ci limatu: (402).

bu njëkk bi. Topp mu jàng taaya ginnaaw ñatteelu ràkkab timis, ak ginnaaw ñenteelu ràkkab tisbaar ak tàkkusaan ak gee, niki ni mu jàllee woon ci jullig ñaari ràkka gi, topp mu sëlmël ci ndayjooram ak càmmooñam, daal di jéggalu Yàlla ñatti yoon, topp mu wax:

(اللَّهُمَّ أَنْتَ السَّلَامُ وَمِنْكَ السَّلَامُ، تَبَارَكْتَ يَا ذَا الجَلَالِ وَالإِكْرَامِ).

(Allaahumma antassalaamu wa minkassalaamu, tabaarakta yaa zaljalaali wal ikraami)[1]. Balaa muy wëlbatiku di jublu nit ñi bu nekkee Imaam, topp mu daal di wax:

(لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَه، لَهُ المُلْكُ، وَلَهُ الحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيءٍ قَدِيرٌ، لَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِالله، اللَّهُمَّ لَا مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ، وَلَا مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ، وَلَا يَنْفَعُ ذَا الجَدِّ مِنْكَ الجَدُّ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ، وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ، لَهُ النِّعْمَةُ وَلَهُ الفَضْلُ، وَلَهُ الثَّنَاءُ الحَسَنُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَو كَرِهَ الكَافِرُونَ).

(Laa ilaaha illallaahu wahdahu laa sariika lahu, lahul mulku wa lahul hamdu, wa huwa alaa kulli say-in xadiirun, laa hawla wa laa xuwwata illaa bil-Laah, Allaahumma laa maaniha limaa ahtayta, wa laa muhtiya limaa manahta, walaa yanfahu zaljaddi minkaljaddu, laa-i-Laaha illal Laahu, walaa nahbudu illaa iyyaahu, lahun nihmatu wa lahul fadlu wa lahus sanaa-ul hasanu, laa-i-Laaha illal Laahu muxlisiina lahud diina wa law karihal kaafiruuna)[2].

---

[1] Muslim soloo na ko, ci limatu: (591).
[2] Muslim soloo na ko, ci limatu: (402).

Mu sàbbaal Yàlla fanweeri yoon ak ñatt, mu sant Yàlla fanweeri yoon ak ñatt, mu màggal Yàlla fanweeri yoon ak ñatt, mu wax ci mottali téemeer bi: laa-i-Laaha Illal Laahu wahdahu laa sariika lahu, lahul mulku, wa lahul hamdu, wa Huwa halaa kulli say-in Xadiirun, mu jàng Aayatul kursiyyu, ak Qul Huwal Laahu Ahad, ak Qul ahuusu birabbil falaqi, ak Qul ahuusu birabbin naas ginnaaw julli gu ne. Sopp nañubit baamtu ñatti saar yii ñatti yoon ginnaaw jullig suba ak jullig timis; ndaxte ay hadiis rot na cu jóge ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, tudd Yàlla yii yépp sunna la du farata.

Yoonalees na ci jullit bu góor ak bu jigéen ñu julli ñenti ràkka njëkk jullig Tisbaar ak ñaari ràkka ginnaawam, ak ñaari ràkka ginnaaw jullig Timis, ak ñaari ràkka ginnaaw jullig Gee, ak ñaari ràkka njëkk jullig Fajar, yépp fukki ràkka la ak ñaar, ràkka lañuy wooye Rawaatib; ndaxte Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daan na ko sàmmonte bu tukkiwul. Bu dee ci tukki nag, daan na leen bàyyi ba mu des sunnay fajar ak Witar, ndaxte moom, jàmm ak xéewal yal na nekk ci moom, daan na leen sàmm ci teew ak ci tukki. Li gën nag mooy ñu jullee Rawaatib yii ak witar ca kër ga, waaye bu leen jullee ca jàkka ja it aatul; ndax waxu Yonnente bi, jàmm ak xéewal yal na nekk ci moom:

(أَفْضَلُ صَلَاةِ المَرْءِ فِي بَيْتِهِ، إِلَّا الصَّلَاةَ المَكْتُوبَةَ).

(li gën ci jullig nit mooy gi ci këram, ba mu des

jullig farata) [1].

Sàmmonte ak ràkka yii bokk na ci sababi dugg àjjana, ndax waxy Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-:

(مَنْ صَلَّى اثْنَتَيْ عَشْرَةَ رَكْعَةً فِي يَومٍ وَلَيْلَةٍ، بُنِيَ لَه بِهِنَّ بَيْتٌ فِي الجَنَّةِ).

(Ku julli fukki ràkka ak ñaar ci bis ak guddi, dees na ko ci tabaxal kër ca àjjana) [2].

Bu jullee ñenti ràkka njëkk tàkkusaan, ak ñaari ràkka njëkk jullig timis, ak ñaari ràkka njëkk jullig gee lu rafet la; ndax luy tegtale loolu wér na jóge ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, bu jullee ñenti ràkka ginnaaw Tisbaar ak ñenti ràkka mu jiitu ko lu rafet la; ndax waxu Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc:

(مَنْ حَافَظَ عَلَى أَرْبَعِ رَكَعَاتٍ قَبْلَ الظُّهْرِ، وَأَرْبَعٍ بَعْدَهَا حَرَّمَهُ اللَّهُ عَلَى النَّارِ).

(ku sàmmonte ak ñenti ràkka njëkk Tisbaar ak ñenti ràkka ginnaaw tisbaar yàlla araamal ko ca sawara)[3]. Loolu li muy tekki mooy day dolli ci sunnas Rawaatib bi ñaari ràkka ginnaaw jullig tisbaar; ndaxte sunnas Rawaatib bi mooy ñenti ràkka yi ko jiitu ak ñaar yi ci ginnaawam. Kon bu dollee ñaari ràkka ginnaawam, dana am li ñu tudd ci hadiisub Ummu Habiiba, yal na ko Yàlla gërëm.

---

[1] Al-Buxaarii soloo na ko ci limatu (6860).

[2] Muslim soloo na ko, ci limatu: (728).

[3] Ahmad soloo na ko, ci limatu (25547), ak At-Tirmisii, ci limatu (393), ak Abuu Daawuda, ci limatu (1077).

Yàlla mooy Boroom tawfeex, yal na Yàlla dolli xéewal ak mucc sunu Yonnente bi Muhammat doomu Abdul Laah ak waa këram ak i sahaabaam ak képp ku ko topp cig rafetal ba bis-pénc.

❃❃❃

wo395v2.1 - 10/07/2026

رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

# رسالة الحرمين

# Message of The Two Holy Mosques

Guidance content for the visitors of the Holy Mosque and the Prophet's Mosque in languages.